



Tès Laboratwa Ou yo Your Lab Tests

Lè ou gen kansè li sanble yon moun toujou ap pran san ou pou yon kalite tès. Yo fè tès laboratwa yo pou siveye kijan kò ou reponn nan tretman an. Tès laboratwa yo kapab jwenn kèk pwoblèm tou epi doktè kapab itilize yo pou evite ou gen reyaksyon negatif. Men kèk kalite tès san ki pi komen ak sa yo kapab di doktè ou sou sante ou.

Emogram konplè

Tès laboratwa ki pi komen w ap gen fè a rele yon *emogram konplè* oswa *CBC*. San an fòme avèk dlo, pwoteyin, eleman nitritif, ak selil vivan. Yon CBC ap bay doktè ou enfòmasyon sou globil ou yo. Li mezire 3 kalite selil nan san an: globil wouj yo, globil blan yo, ak plakèt yo.

Chak nan kalite selil sa yo gen yon djòb espesyal. Nenpòt nan selil sa yo kapab chanje akòz tretman pou kansè a.

- **Globil wouj (Red blood cells, RBC)** yo nesèsè pou pote oksijèn nan tout kò ou. Fason ki pi senp pou mezire globil wouj ou yo se mezire *emoglobin (HGB)* oswa *ematokrit (HCT)*. Lè nenpòt nan sa yo vin twò ba, yo di moun nan gen anemi. Yon HGB nòmal se apeprè 12 a 18, epi yon HCT nòmal se apeprè 37 a 52.
- **Plakèt (Platelets, plts)** yo ede sispann senyman. Yon moun ki an sante gen ant 150,000 ak 450,000 plakèt. Ou ka grafouyen oswa ou ka senyen fasil lè nivo plakèt ou yo ba. Chans pou senyen ap ogmante lè kantite plakèt ou yo bese anba 20,000.
- **Globil blan (White blood cells, WBC)** yo batay kont enfeksyon. Yon moun ki an sante gen ant 5,000 ak 10,000 WBC. Gen anpil kalite globil blan, epi yo chak travay nan yon fason espesyal. Globil blan ki pi enpòtan pou batay kont enfeksyon se *netwofil*. Yon moun ki an sante gen ant 2,500 ak 6,000 netwofil. Doktè ou ap siveye kantite WBC ou deprè paske chans pou gen enfeksyon pi wo lè kantite netwofil ou anba 500.

Panèl pwopriyete chimik

Yon panèl pwopriyete chimik se yon tès san ki kapab fè doktè ou konnen anpil bagay sou fason ògàn ou yo ap travay. Pa egzanp, yon pati nan tès sa a ap fè doktè ou konnen kijan fwa ou ap travay. Lòt pati yo analize fason ren ou yo, kè ou, ak poumon ou yo ap travay. Li mezire tou elektwolit ki nan san ou, tankou sodyòm ak kalsyòm.

Kisa ki nòmàl?

Entèval pou sa ki nòmàl nan rezilta emogram konplè yo ak pwopriyete chimik san an enpe diferan ant yon laboratwa ak yon lòt. Kòm yon règ, entèval nòmàl yo ekri sou rapò laboratwa a, toupre rezilta tè s ou. Kèk moun jwenn li bon pou yo mande yon kopi rezilta tè s yo epi yo gen yon manm ekip swen sante yo pou yo revize chif yo avèk yo.

Si ou gen kesyon sou kansè ou oswa sou tè s laboratwa ou, tanpri rele nou nenpòt lè, lajounen oswa lannwit, nan nimewo **1-800-227-2345**.

Language: Haitian Creole

Last Medical Review: 11/17/2015

Last Revised: 11/17/2015

2015 Copyright American Cancer Society

For additional assistance please contact your American Cancer Society
1-800-227-2345 or www.cancer.org